

Biwo Pwokirè Jeneral Massachusetts la (AGO) Pwoteje Dwa Travayè Yo

Trafik travay se lè yon moun sèvi ak menas oswa fè lòt moun mal (ki gen ladan l domèn ekonomik), pou fòse yo fè travay kont volonte yo. Yo rele sa tou sèvis fòse, e se yon krim nan Massachusetts. Nenpòt moun ki fòse yon lòt moun travay nan fason sa a, oswa ki benefisye grasa travay sa a, ka fè fas ak prizon ak amann.

Pou w voye yon sijesyon oswa fè yon rapò bay AGO a, tanpri kontakte:
Imèl: labortrafficking@mass.gov
Fòmilè sou entènèt: www.mass.gov/ago/wagetheft
Telefòn: 617-727-3465 oswa 617-420-6315

Sèvi ak aplikasyon entèaktif nou an pou rekonèt ak evalye siy pou dekouvri trafik travay: *www.traffickingresult.com*



Siy trafik travay yo ka gen ladan l obsèvasyon kote yon travayè:

- Pa pale pou tèt li, sanble yo te antrene li sou fason pou li reponn oswa li kite yon lòt moun reponn nan plas li.
- Li sanble pè, vilnerab, oswa estrese, espesyalman lè yon patwon oswa kòlèg travay prezan.
- Li manke rad oswa ekipman travay apwopriye pou endistri a, epi li toujou parèt ak menm rad yo.
- Li pa gen okenn kontwòl sou byen pèsone li yo tankou kat idantite, paspò, oswa papyè imigrasyon.
- Li ka izole fizikman oswa sosyalman.
- L ap viv nan espas travay la oswa nan yon kote patwon an chwazi oswa mande.
- Li ka, men pa toutan, montre siy move ijyèn oswa blese ki pa trete
- Li pa resevwa okenn salè, oswa li resevwa yon salè ki trè piti ke li ka pa gen aksè avèk li.
- Li santi l oblije remèt yon dèt ke machann trafik la dwe

Pa gen okenn endikatè poukont li ki ka pwouve ke gen trafik moun k ap fèt. Sepandan, sa yo se alèt wouj
Pou plis enfòmasyon ak sipò adisyonèl vizite sit entènèt nou an: www.mass.gov/ago/lt